



Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV REKIPERASYON AK REKONSTRIKSYON
NEW YORK KANPE DÈYÈ PÒTORIKO A**

*Li Deplwaye Ekip Evalyasyon Taktik ki gen pami yo Espesyalis ak Mendèv,
Òganizasyon San Bi Likratif, Òganizasyon Filantwopik ak Patnè Akademik Eta a
yo pou yo Evalye Bezwen Rekonstriksyon yo ak Devlope yon Plan Daksyon pou
Rekonstriksyon an*

*Rezilta Ekip Evalyasyon an Jwenn yo pral Enfòmè Deplwaman Estratejik Anpil
Santèn Etidyan Volontè SUNY ak CUNY ak Travayè Volontè Kalifye nan
kòmansman Mwa Jen an*

*Gouvènè a te Vwayaje al Pòtoriko pou li Konvoke yon Diskisyon Tab Wonn sou
Efò Rekiperasyon ki Ankou yo, li Vizite Katye Toa Baja ak Manm Ekip Evalyasyon
Taktik la yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman Inisyativ Rekiperasyon ak Rekonstriksyon New York Kanpe Dèyè Pòtoriko a (NY Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Initiative), k ap deplwaye yon Ekip Evalyasyon Taktik (Tactical Assessment Team) ki gen pami yo espesyalis ak mendèv, òganizasyon san bi likratif, òganizasyon filantwopik, ak patnè akademik eta a yo pou yo evalye bezwen rekonstriksyon yo ak devlope yon plan daksyon rekonstriksyon global pou kominote ki nan bezwen yo. Rezilta Ekip Evalyasyon an yo jwenn yo pral enfòmè deplwaman estratejik prèske 500 etidyan SUNY ak CUNY, ansanm ak travayè kalifye nan sektè metye batiman ak konstriksyon an yo, kòmansman mwa jen an. Gouvènè a te konvoke yon tab wonn ak patnè lokal yo ak manm Ekip Evalyasyon Taktik la yo pou yo lanse yon nouvo inisyativ epi pou yo diskite sou efò New York kontinye ap fè pou ede Pòtoriko pi byen rekonstwi. Gouvènè te vizite yon katye nan Toa Baja kote volontè yo deja ap travay pou yo repara kay ki te inonde yo.

“Gen twòp rezidan nan Pòtoriko k ap viv nan lojman tanporè yo ki pap ka reziste sezon ouragan ane sa a k ap apwoche byen rapid la”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan gouvènman federal la kontinye ap pedale nan choukwout, New York ap pran mezi pou livre asistans lojman, resous, ak mendèv enpòtan yo bezwen pou akselere efò rekonstriksyon yo epi konstwi kay ki pi rezistan toupatou atravè Pòtoriko.”

Ekip Evalyasyon Taktik la gen ladan manm Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon (Building & Construction Trades Council) Eta New York la yo, Asosiyasyon Anplwaye Metye Batiman (Building Trades Employers' Association) Vil New York la yo, anplwaye espesyalis ki soti nan SUNY, CUNY yo ak nan Chanm Egzekitif la, Biwo Rekiperasyon Apre Tanpèt Gouvènè a (Governor's Office of Storm Recovery), Renouvèlman Lojman ak Kominote (Homes and Community Renewal) Eta New York la, ak Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la yo. Ekip la gen ladan tou lidè ki soti nan òganizasyon rekonstriksyon san bi likratif ki aktif toupatou atravè Pòtoriko a yo, pami yo UNICEF USA, Buena Vibra, All Hands and Hearts, HEART 9/11, Federasyon Ispanik lan (Hispanic Federation), Ekip Rubicon lan, Fondasyon Beltran Carlos la (Carlos Beltran Foundation), ak Pwojè St. Bernard la (St. Bernard Project).

Ekip Evalyasyon Taktik la pral devlope plan travay detaye a pou enfòmè efò rekonstriksyon ki pral fèt alavni yo lè yo:

- Mennen vizit tèren nan katye ak kay ki an detrès toupatou atravè zile a yo;
- Rankontre ak ti òganizasyon san bi likratif kominotè ki deja ap travay sou tèren an yo; epi
- Travay ak ekip Gouvènè Rosselló a, sendika yo, ak manm inisyativ devlopman mendèv yo pou ede idantifye pi gran bezwen zile a genyen yo epi enkòpore solisyon yo nan plan travay la.

UNICEF USA te pran angajman pou garanti depans deplwaman ekip la yo epi yo te pran angajman jiska 500,000 dola anvè inisyativ konstriksyon kay la yo an jeneral. Ekip miltidisciplinè a enpòtan anpil pou Efò Rekiperasyon ak Rekonstriksyon New York Kanpe Dèyè Pòtoriko a (New York Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Effort), ak Efò Sekou ak Retablisman Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort), ke Gouvènè a [te lanse](#) mwa Septanm lan imedyatman apre tanpèt yo.

Yo pral Deplwaye Volontè SUNY, CUNY yo ak Travayè Kalifye Mwa Jen an

Yon fwa yo fini plan daksyon rekonstriksyon an, New York pral mobilize anpil santèn volontè etidyan SUNY ak CUNY yo, ansanm ak travayè metye ki espesyalize nan metye konstriksyon ak batiman yo, pou yo travay kòt a kòt avèk òganizasyon san bi likratif ki deja ap fè travay rekonstriksyon kay sou tèren an yo toupatou atravè Pòtoriko. Yon ekip SUNY Maritime pral vwayaje al nan zile a nan fen Mwa me a pou transpòte materyèl, konekte ak òganizasyon san bi likratif yo ak etidyan ki pral travay avèk yo, epi prepare pou lè yo rive.

Fanm ak gason metye espesyalize yo pral reponn a chomaj andemik ki genyen toupatou atravè Pòtoriko a lè yo tabli atelye pou yo ofri rezidan yo fòmasyon. Efò kan fòmasyon sa yo pral pèmèt gen plis men pou ede konstwi kay yo, pandan y ap sipòte ekonomi lokal la.

Yo prevwa apeprè 500 etidyan SUNY ak CUNY pral patisipe nan deplwaman yo k ap dire apeprè 2-4 semèn kòmanse mwa Jen an. Etidyan yo pral patisipe nan netwayaj, restorasyon ak konstriksyon kay yo, pandan y ap konplete yon pwogram aprantisaj

aplike entansif pou asire yo fè eksperyans akademik anrichi epi y ap akimile inite valè pou klas inivèsite yo.

An avril la, Gouvènè Cuomo a te ekri yon lèt voye bay Ajans Jesyon Ijans Federal la (Federal Emergency Management Agency, FEMA) pou ankouraje yo imedyatman apwouve demann Pòtoriko te fè pou pwolonjman enkondisyonèl Pwogram Asistans pou Abri Tranzisyonèl la (Transitional Sheltering Assistance Program). 18 Avril la, Gouvènè Rosselló te mande twazyèm pwolonjman an, k ap soti 15 me rive 30 jen 2018, sa k ap pèmèt timoun ki nan fanmi deplase yo fini ane lekòl la. Anplis de sa a, Gouvènè Rosselló te mande pou yo retire egzijans elijibilite etwat yo pou pèmèt rezidan yo te detèmine ki pa elijib pou pwogram lan pandan revizyon yo te fè 20 Avril la yo rete nan pwogram lan. Aprè presyon fonksyonè tankou Gouvènè Cuomo te fè yo, FEMA te rive akòde demann Pòtoriko te fè pou yo agrandi kritè elijibilite a yo vandredi 20 Avril la. Toutfwa, yo sèlman pwolonje program lan jiska 14 Me. FEMA pretann yo pral kontinye travay ak ekip Gouvènè Rosselló a sou yon lòt pwolonjman posib.

Gouvènè Ricardo Rosselló te deklare, “Nan non pèp Pòtoriko a, mwen di Gouvènè Cuomo mèsi anpil, paske l ap sipòte nou depi jou Ouragan Maria te frape zile a. Yon lòt fwa ankò epi plis pase sèt mwa apre katastwòf la, li reyafime angajman li pran anvè pèp Pòtoriken an avèk pwogram asistans sa a”.

Majistra Toa Baja a, Bernardo Márquez Garcia te deklare, “Travay restorasyon kominote nou an lwen fini, epi gras a sipò Gouvènè Cuomo kontinye ba nou an, nou te akeyi yon ekip espesyalis ki pral devlope yon plan pou amelyore efò nou ap fè pou nou rekonstwi katye nan Toa Baja a yo ak pi lwen toujou. Mwen vle remèsye rezidan, biznis, ak òganizasyon New York la yo ki te bay resous ak sipò pandan plizyè mwa ki sot pase la yo. Se egzakteman jan de travay kolaboratif sa ansanm ak kanalizasyon 'Rio La Plata,' ki pral bay fanmi Toa Baja a yo lapè nan tèt ak sekirite lojman solid ki fyab; ak devlopman sosyoekonomik rejyon an”.

Gil Quiniones, prezidan ak direktè jeneral NYPA, te deklare, “Gwoup sèvis piblik Eta New York la, sou lòd Gouvènè Cuomo, te sou tèren an depi Ouragan Maria te premye frape a epi li te kòmanse ravaje bèl zile Pòtoriko a. Espesyalis elektrik Otorite Enèji New York la yo (New York Power Authority, NYPA) ap konseye Otorite Enèji Elektrik Pòtoriko a (Puerto Rican Electric Power Authority, PREPA) ak patnè li yo nan kad estabilizasyon ak restorasyon rezo a. Nou kontan gen volontè adisyonèl ak ekip kalifye ki soti nan òganizasyon metye New York la yo ak nan plizyè inivèsite yo pral travay ansanm nan kad efò rekonstriksyon an yo. Nou pral rekonstwi pi byen ansanm”.

Sekretè Eta a Rossana Rosado te deklare, “Anpil milyon moun sou zile a yo konte sou nou, epi nou pap fè yo wont. Nou pral pote rezilta non sèlman pou Pòtoriko, men tou pou Eta New York la ak tout Pòtoriken ki abite nan New York la yo”.

Nydia Velázquez, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Imedyatman apre Maria te ateri, Gouvènè a te rele m epi nou te pran vòl ansanm pou nou te al evalye dega yo ak livrè materyèl yo. Anplè kriz imanité ki rive yon fwa nan yon jenerasyon sa a mande pou gen repons dirab, alontèm. Mwen fyè paske Gouvènè Cuomo rete yon patnè konstan pandan n ap travay pou nou rekonstwi zile a pi rezistan ak pi solid alavni. Nouyòkè yo

pataje yon lyen pwofon ak Pòtoriko epi nou pral kontinye ede frè ak sè nou yo jiskaske zile a reprann li nèt”.

Manm Asanble Marcos Crespo te deklare, “Sitiyasyon ki ankou nan Pòtoriko a pa menm ak okenn lòt eksperyans peyi sa a te viv, epi sa fè wont pou gouvènman federal la refize pote sipò enpòtan pou konsitwayen nou yo. Lidèchip Gouvènè Cuomo te montre depi premye jou a se egzakteman sa frè ak sè nou yo bezwen pou yo rekipere yo ak rekonstwi. Lè nou lanse pwochèn faz sa a, New York ap voye yon mesaj klè bay rès mond lan ki di nou rete angaje pou nou transfòme zile a ak rekonstwi kominote yo pou yo ka andire tanpèt alavni yo, epi ke ansanm nou ka rekonstwi Pòtoriko pi solid ak pi rezistan pase jamè avan”.

Prezidan Minisipalite Bronx la Ruben Diaz Jr. te deklare, “Mwen felisite Gouvènè a pou sipò li kontinye bay zanmi nou yo ak fanmi nou yo ki nan Pòtoriko. Jan nou te wè ak blakawout resan ki te kouvri tout zile a nèt la, zile a rete plis wout ankò pou yo fè avan enfrastrikti yo vin an sekirite epi prè pou tanpèt alavni yo. Mwen fyè pou m travay ak Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Rosselló nan kad dènye inisyativ sa a pou nou pote etidyan SUNY ak CUNY yo pou yo al rekonstwi zile a an retou pou yo resevwa inite valè. Eksperyans presye sa a pral anrichi lavi non sèlman etidyan sa yo, men tou lavi anpil milye rezidan k ap viv toupatou atravè Pòtoriko yo”.

Konsejè Minisipal Vil New York la, Carlina Rivera te deklare, “Inisyativ Rekiperasyon ak Rekonstriksyon New York Kanpe Dèyè Pòtoriko (NY Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Initiative) Gouvènè a pral pote anpil santèn volontè SUNY ak CUNY pou ede nan kad efò rekiperasyon an yo pandan ete sa a, sa k ap ofri fòs ak enèji yo byen bezwen pou ranfòse mendèv la epi akselere efò ki deja ap fèt sou zile a yo. Lansman inisyativ sa a non sèlman ofri etidyan yo eksperyans pratik nan domèn etid yo, men tou l ap pote sipò k ap enpòtan anpil pou frè nou yo ki nan Pòtoriko. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou lidèchip li paske l rann pwogram estratejik sa a vinn yon reyalite”.

Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral UNICEF USA a Caryl Stern te deklare, “Aprè tanpèt la te frape Pòtoriko, nou te baze desizyon nou te pran pou nou fè patenarya ak efò Eta New York Gouvènè Cuomo a ap fè yo sou konbyen apwòch li t ap pran an te enpresyone m ak lefèt ke li te youn nan premye moun ki te mete pye sou tèren an nan Pòtoriko, ki te mande kijan New York ka pi byen ede. Nou egalman kontan anpil pou nou sipòte dezyèm faz rekonstriksyon sa a - pou akeyi anpil santèn etidyan volontè New York yo pandan ete sa a pou ogmante kapasite mendèv la ak akselere efò rekonstriksyon nou yo. Non sèlman li enpòtan anpil pou timoun ak fanmi ki nan zile a yo pandan n ap travay ak Gouvènè Cuomo ak tout patnè òganizasyon san bi likratif yo pou yo retire labou ak debri nan kay yo, men sa ki osi enpòtan se valorize jèn yo pou yo pran responsab pou yo ka fè pati solisyon yo. Sa se solisyon iltim timoun ede timoun lan, sa ki nan kè sa UNICEF reprezante. Mesi Gouvènè Cuomo”!

Fondatè ak Prezidan All Hands and Hearts la, David Campbell te deklare, “Se yon prensip Ameriken fondamantal pou nou ede sila k ap fè fas ak advèsite yo, epi Pòtoriko toujou bezwen èd nou. Mwen fyè pou m kanpe ak Gouvènè Cuomo pou nou agrandi sipò alontèm pou katye nou yo, fanmi ak zanmi nou yo. All Hands and Hearts pral travay ak Ekip Evalyasyon Taktik Gouvènè a pou nou evalye dega yo, pandan n ap

atann pou nou enkòpore entèlijans ak fòs jèn New York yo ladan lè etidyan volontè yo rejwenn nou pandan ete sa a. Ansanm, nou pral kontinye kenbe prezans nou sou tèren an jiskaske rezidan toupatou atravè zile a yo ka mennen yon bon jan kalite lavi an sante ankò”.

Gary LaBarbera, Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman Rejyon Metwopolitèn New York (Building & Construction Trades Council of Greater NY), te deklare, “Lè Ouragan Maria te frape epi devaste zile Pòtoriko a, New York te reponn apèl alèd yo a. Pandan Gouvènè a kontinye deplwaye resous ak pèsònèl desann pou al ede Pòtoriko nan kad efò y ap fè pou yo rekonstwi yo, eta a te montre yon angajman klè li pran pou ede frè ak sè nou yo ki nan bezwen. Mendèv konpetan nou an fyè pou nou fè pati efò sa yo pandan n ap travay pou nou konstwi kay ak biznis ki rezistan toupatou atravè Pòtoriko ki pral kanpe fèm kont nenpòt sa Manman Lanati gendwa pote alavni”.

Prezidan ak PDG Asosiyasyon Anplwayè Metye Batiman an (Building Trades Employers Association), Lou Coletti te deklare, “Gen plizyè mwa pase depi Ouragan Maria te devaste kominote nan Pòtoriko yo, epi fanmi toupatou atravè zile a yo toujou ap repara dega yo. Katye yo vrèman bezwen èd pandan y ap chache rekonstwi kay ak retabli biznis yo, epi sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te la pou lonje lamèn nan chak pa yo te pran. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Cuomo ak tout New York pandan efò rekonstriksyon sa a, pandan travayè kalifye nou yo ak kontraktè konpetan nou yo ap travay pou yo asire ke Pòtoriko kanpe pi solid pase jamè avan”.

Prezidan 32BJ a, Héctor J. Figueroa te deklare, “Rezidan Pòtoriko a yo gen yon zanmi nan Gouvènè New York la, Gouvènè Cuomo. Inisyativ Gouvènè Cuomo a pral pote kapasite rekonstriksyon zile a nan yon lòt nivo lè l ofri plan daksyon estratejik pou gide efò rekiperasyon yo, fòs ak pèsònèl yo bezwen pou reyalize plan sa a, ak enèji etidyan volontè yo ak travayè kalifye yo pou yo rekonstwi kay yo youn pa youn. Nou felisite Gouvènè Cuomo pou sipò solid li kontinye bay depi lè Maria te frape Zile a. Echèl katastwòf sa a, endiferans Trump ak kriz dèt la mande nou tout pou nou sipòte Pòtoriko. Ansanm, nou pral tabli yon zile ki pi rezistan ki pral dire pou anpil jenerasyon ankò”.

Retablisman kouran nan Pòtoriko

Nan kòmansman mwa sa a, Gouvènè Cuomo ate bay Otorite Enèji New York la lòd pou yo deplwaye imedyatman yon ekip 10 moun ki gen espesyalis sèvis piblik ki otman espesyalize pou ede Pòtoriko avèk efò k ap fèt nan kad retablisman ak estabilizasyon kouran an yo. Manm yo, ki gen konpetans nan kontwòl, relè ak pwoteksyon, planifikasyon sistèm, planifikasyon operasyon, operasyon pwodiksyon ak transmisyon yo, pral travay avèk PREPA pou evalye rezo a epi idantifye pwoblèm pèsistan yo. Yo ap fè rekòmandasyon pou reparasyon ak amelyorasyon ki pral ede anpeche gen pàn kouran, ede asire ke gen doubleman nan sistèm lan, epi en fendkont amelyore rezistans rezo a.

Sou lòd Gouvènè a epi sou direksyon Otorite Enèji New York la, New York te deplwaye yon gwoup ki gen plis pase 450 pèsònèl sèvis piblik avan pou yo te ede retabli kouran nan rejyon metwopolitèn San Juan lan, ki konte pou prèske 70 pousan nan demann elektrik total nan Pòtoriko. Gwoup travayè sèvis piblik New York la, ki t ap travay sou

zile a depi mwa novanm lan, te gen ladan pèsonèl ki soti nan NYPA, Con Edison, Orange & Rockland Utilities, National Grid, PSEG Long Island, Avangrid, ak Central Hudson Gas & Electric Corp.

Gwoup travayè sèvis piblik sa a te konplètman retabli kouran pou plis pase 300,000 kliyan nan rejyon metwopolitèn San Juan lan. Apre sa, ekip retablisman kouran New York la ki sou direksyon NYPA a te ede fè retablisman kouran an nan Caguas, ki se youn nan kote tanpèt la te plis frape a yo.

Rebati Pòtoriko Pi Byen

An desanm lan, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Rosselló ak manm Delegasyon Kongrasyonèl New York la te pibliye yon Rapò Evalyasyon Rebati Pi Byen (Build Back Better Assessment Report) ki te mande yon pakè èd federal 94.4 milya dola pou ede Pòtoriko rebati pi solid. Plan an te idantifye sektè presi yo ki bezwen investisman, tankou paregzanp lojman, rezo elektrik ak rezistans, agrikilti ak lòt bagay toujou. Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak premye sekouris, ak 9 milya dola pou jesyon rekiperasyon alontèm, kantite finansman total ki nesèsè a se 94.4 milya dola.

Gouvènè Cuomo te tabli tou Gwoup Travay sou Rezistans Enèji nan Pòtoriko a (Puerto Rico Energy Resilience Working Group) epi li te pibliye rapò “Rebati Pi Byen” (Build Back Better) an ki gen rekòmandasyon sou kijan pou rebati epi transfòme sistèm elektrik Pòtoriko a pou l vin tounen yon sistèm ki pi rezistan, pi efikas, pi avanse epi mwen depanndan de enpòtasyon kabiran fosil ki koute Pòtoriken yo plis pase 2 milya dola chak ane. Rapò a, ki se yon kreyasyon Gwoup Travay sou Rezistans Enèji a (Energy Resiliency Working Group), idantifye epi rekòmande yon total 17 milya dola an investisman nan reparasyon, rezistans ak modènizasyon sistèm enèji a nan Pòtoriko.

Anplis de sa, wo fonksyonè gwoup sèvis piblik New York la ap sèvi nan Konsèy Konsiltatif sou Transfòmasyon Otorite Enèji Pòtoriko a, ki se yon gwoup konsiltatif yo te fòme pou devlope yon vizyon alontèm ak yon plan degzekisyon pou transfòmasyon sistèm elektrik la nan Pòtoriko. Direktè Zafè Finansye NYPA a, Robert Lurie ak Sanjay Bose, ki se vis prezidan Enjenyeri Santral (Central Engineering) nan Consolidated Edison lan se manm gwoup New York la ki pral sèvi nan konsèy sa a ansanm avèk nèf lòt espesyalis enèji emerit ankò.

Efò Soulajman ak Rekiperasyon Empire State

New York deplwaye plis pase 1,000 manm pèsonèl epi li distribye 4,400 chasi pwovizyon li te ranmase nan 13 lokal donasyon toupatou nan eta a:

Pami pèsonèl ki deplwaye a gen:

- Plis pase 450 anplwaye sèvis piblik New York, plis pase 50 ekspè nan Retablisman Taktik Kouran, ak 15 espesyalis evalyasyon dega.
- 132 Polis Militè Gad Nasyonal
- 125 Enjenyè Gad Nasyonal
- 60 Solda Gad Nasyonal
- Kat elikoptè Black Hawk
- 14 Pilòt

- 156 Medsen, Asistan Medsen, Enfimyè, ak Pratisyen Enfimyè Volontè yo
- Plis pase 70 anplwaye Otorite Pòtyè (Port Authority)
- Plis pase 130 Twoup Eta
- Ekip sipò lojistik ki gen senk manm ki soti nan Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans nan Eta a yo
- 2 pilòt dwòn Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Pwovizyon yo distribye yo se:

- 3.3 milyon boutèy dlo
- 7.8 milyon kouchèt bebe endividyèl
- 2.3 milyon kouch
- 592,730 pwodwi feminin
- 117,210 kontenè manje tibebe
- 194,014 bwat konsèv
- 82,640 boutèy/sachè dlo/bwason espò yo
- 15,275 flach
- 8,600 lanp solè
- 7,310 twous premye swen
- 1,181 sistèm filtrasyon dlo
- Plis pase 250,000 kilomèt kab elektrik, 7,600 bwat jonksyon, 1,485 travès ak 50 transfòmator pou efò retablisman kouran yo
- Plis pase 1 milyon dola nan apwovizyonman medikan ki pi enpòtan yo pou San Juan, Vieques, Culebra ak lòt kote ankò, an patenarya ak GNYHA ak Fondasyon Afya.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou efò sekou ak retablisman ki ankou deja nan Pòtoriko yo, epi pou w jwenn enfòmasyon sou kijan ou ka ede, tanpri vizite pajwèb Efò Sekou ak Retablisman Empire State Gouvènè a te mete sou pye a pou ede Pòtoriko ak Zile Vyèj Ameriken yo (Empire State Relief and Recovery Effort for Puerto Rico and the U.S. Virgin Islands).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)